

Kijan m ka jwenn èd ak kouchèt ak antrennman pou itilize twalèt?

Kijan m ka jwenn kouchèt oswa "pull-up" gratis?

Timoun ki gen plis pase 3 an gendwa kalifye pou yo livre kouchèt lakay yo gratis atravè asistans medikal (Medicaid). Men etap yo:

1. **Rele Sèvis pou Manm yo** pou asirans sante Medicaid pitit ou a. Anjeneral, ou jwenn nimewo a sou do kat medikal pitit ou a.
2. **Mande Sèvis pou Manm yo** ki konpayi Ekipman Medikal Dirab (DME) ki ka bay kouchèt pou timoun lan zòn ou an epi jwenn non ak nimewo telefòn konpayi sa a. Yo gendwa voye yon lis ba ou nan imèl.
3. **Rele konpayi ekipman an** epi esplike ou vle mete pitit ou a nan pwogram kouchèt la. Apre yo fin rasanble kèk enfòmasyon, y ap mande w pou w kontakte doktè pitit ou a epi fè doktè a fakse yon preskripsyon pou kouchèt ak ti sèvyèt mouye. Mande nimewo faks konpayi ekipman an.
4. **Rele doktè pitit ou a** epi esplike ou bezwen yo fakse yon preskripsyon pou kouchèt dirèkteman bay konpayi ekipman an. Preskripsiyan an dwe gen ladan I gwosè timoun lan ak dyagnostik la.
5. **Ou ta dwe byento kòmanse resevwa kouchèt chak mwa.** Si ou pa resevwa kouchèt ak ti sèvyèt mouye, rele konpayi ekipman an pou verifye kote pwosesis la ye. W ap bezwen renouvre pwosesis sa a chak ane si pitit ou a kontinye bezwen kouchèt.

Èske gen yon kote mwen ka jwenn kouchèt touswit?

- **Vizite yon adrès Diaper Bank nan Filadèlfia.** philadelphiadiaperbank.org
- **Mande atik nan men Point Essentials**, yon bank resous Project FAM! (Pwojè FAM!) nan Turning Points for Children.
turningpointsforchildren.phmc.org/programs/project-fam



Kibò m ka jwenn èd pou m aprann pitit mwen an itilize twalèt?

- **Vin patisipe nan klas fòmasyon vityèl sou itilizasyon twalèt chak mwa Elwyn lan.** Pou dat fòmasyon yo ak yon lyen pou jwenn aksè ak fòmasyon an, mande yon manm ekip evalyasyon Elwyn oswa reprezantan LEA pitit ou a pou voye dènye feyè a ba ou.
- **Pou plis resous pou aprann kijan pou itilize twalèt**, vizite sites.google.com/tdsb.on.ca/ot-pt/resources/activities-of-daily-living-adls/toileting

